

**PANGARUH LEGENDHA RANU GRATI TUMRAP  
MASYARAKAT DESA RANUKLINDUNGAN KECAMATAN GRATI  
KABUPATEN PASURUAN**

**E-JOURNAL**



**Dening:  
SURYO AJI PRIYANDOKO  
15020114090**

**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH**

**2020**

**PANGARUH LEGENDHA RANU GRATI TUMRAP MASYARAKAT DESA RANUKLINDUNGAN  
KECAMATAN GRATI KABUPATEN PASURUAN**

**Suryo Aji Priyandoko**

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[suryopriyandoko@mhs.unesa.ac.id](mailto:suryopriyandoko@mhs.unesa.ac.id)

**Dr. Surana, S.S., M.Hum**

Dhosen Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

**Abstrak**

Folklor minangka perangan kabudayan kolektif kang sumebar lan diwarisake kanthi cara turun-tumurun utawa tradhisional. Folklor diwarisake kanthi cara kang maneka warna, bisa awujud lesan, uga bisa awujud tulisan. Salah sijine folklor lesan yaiku Pangaruh Legendha Ranu Grati tumrap Masyarakat Desa Ranuklindungan Kecamatan Grati Kabupaten Pasuruan. Legendha iki dijilentrehake nganggo titik panliten folklor. Ranu Grati minangka asil saka legendha kasebut yaiku sawijine ranu utawa *danau* kang isih dipercaya dening masyarakat minangka panggonan kang kramat.

Masalah kang dipilih ing panliten iki yaiku ing antarane, kepriye wujud Legendha Ranu Grati, kaya apa pangaruhe Legendha Ranu Grati tumrap masyarakat Desa Ranuklindungan, kepriye fungsi sosial Legendha Ranu Grati, lan kaya apa kalungguhane Legendha Ranu Grati ing masyarakat Desa Ranuklindungan. Dene tujuwan saka panliten iki yaiku ngandharake kepriye wujud Legendha Ranu Grati, ngandharake apa wae pangaruhe Legendha Ranu Grati tumrap masyarakat Desa Ranuklindungan, nemokake lan ngandharake kepriye fungsi sosiale Legendha Ranu Grati, lan ngandharake kepriye kalungguhane Legendha Ranu Grati ing masyarakat Desa Ranuklindungan. Kaidah saka panliten iki yaiku kanggo nambahi kawruh masyarakat ngenani Pangaruh Legendha Ranu Grati tumrap Masyarakat Desa Ranuklindungan Kecamatan Grati Kabupaten Pasuruan.

Kanggo ngonceki masalah kang dadi punjere panliten, ing kene panliti nggunakake konsep lan analisis kang diungkapake dening James Danandjaja. Ngandharake ngenani makna nggunakake analisis Sudikan. Dene kanggo njlentrehake ngenani fungsi, ing kene panliti nggunakake konsep saka pamawase Allan Dundes.

Asil saka panliten iki yaiku crita legendhane kang bisa dadi pasinaone para kadang taruna. Pangaruhe legendha iki tumrap masyarakat yaiku anane tradhisi Distrikan lan kapercayane masyarakat marang Ranu Grati. Fungsi saka legendha Ranu Grati yaiku kanggo sarana panggulawenthah tumrap para taruna, minangka kritik sosial, minangka sarana panglipur, minangka sarana ngupadi katentreman batin, sarana ndedonga lan ngibadah, uga minangka sarana kanggo nguri-uri kabudayan. Dene kalungguhane Legendha Ranu Grati yaiku ana masyarakat kang percaya, masyarakat kang ora percaya, lan masyarakat kang ora nggatekake.

**Tembung Wigati:** Pangaruh, Legendha, Folklor

**PURWAKA**

**1.1 Landhesan Panliten**

Salah sawijine wujud kabudayan lokal kang didadekake objek panliten yaiku legendha Ranu Grati, Kecamatan Grati, Kabupaten Pasuruan. Ranu Grati minangka salah sawijine objek wisata kang aneng Kabupaten Pasuruan lan dianggep aji dening masyarakat desa sakiwa tengene. Ranu Grati iki awujud telaga utawa *danau* kang ambane kurang luwih 1085 hektar lan kalebu ing telung desa, yaiku Desa Ranuklindungan, Desa Sumberdawesari, lan Desa Gratiunon. Ranu Grati iki kerep ditekani wisatawan lokal uga wisatawan manca. Semono uga Ranu Grati uga kerep didadekake panggon kanggo resesik desa utawa kang kerep diarani Distrikan. Acara Distrikan iki lumrahe dileksanakake saben sasi Oktober. Acara kang mesthi dileksanakake ngepasi ing Hari Jadi Kabupaten Pasuruan iki awujud larung

sajen (tumpeng, asil bumi, jarik, bebek, pitik, lan ubarampe liyane kang dikersakke dening kang mbauregsa ranu) lan parade sejarah sing nyritakake paraga-paraga kang ana ing crita legendha Ranu Grati. Adegan dumadine Ranu Grati kuwi mau diparagakke dening desa sakiwa-tengene Ranu Grati kanthi partisipan warga desane dhewe-dhewe.

Senadyanta katon hingar-bingar lan akeh para masyarakat kang turut ngestreni nalika adicara Distrikan kaleksanakake, nanging isih akeh masyarakat kang ora meruhi kanthi setiti kaya apa mula bukane lan kena apa tradhisi Distrikan iki dileksanakake ing saben taune. Ing tembe saiki, kahanane legendha Ranu Grati wis ora dadi favorite para kadang taruna lan legendha Ranu Grati iki dikuwatirake bakal cures katedha jaman, jalaran ora sithik para kadang taruna ing tlatah Ranuklindungan kang luwih ngugemi budaya manca. Semono uga

saya ngrembakane individu-individu kang luwih nengenake agama kang dianut kang sithik akehe bisa dadi jalaran curese kalungguhane legendha Ranu Grati ing tlatah Ranuklindungan.

Dipilihe pangaruh Legendha Ranu Grati tumrap bebrayan minangka objek panliten amarga (1) Legendha Ranu Grati nduweni nilai sejarah lan durung akeh kang ngerteni tur meruhi kanthi setiti kaya apa unsur sejarah kang ana legendha kuwi mau; (2) tumindake masyarakat desa Ranuklindungan ana kang kapangaruh legendha. Tegese, legendha iki bisa menehi piwulang lan piweling tumrap bebrayan, wiwit bocah cilik, mudha, nganti tuwa; (3) Pangaruh legendha iki sangretine panliti isih durung tau ditliti.

Adhedhasar saka andharan ing ndhuwur, panliti nduweni pepenginan kanggo ngonceki luwih jero ngenani wujud legendha Ranu Grati kanthi setiti, kepriye pangaruhe tumrap masyarakat Desa Ranuklindungan, kepriye pigunane, lan kepriye kalungguhane Legendha Ranu Grati kanthi panliten mawa irah-irahan "Pengaruh Legendha Ranu Grati tumrap Masyarakat, Kecamatan Grati, Kabupaten Pasuruan" lan isa dicekakake dadi PLRG.

## **1.2 Underan Panliten**

Adhedhasar andharan ing ndhuwur mau, mula isa dirumusake perkara panlitene, yaiku:

- 1) Kepriye mula bukane Legendha Ranu Grati, Kecamatan Grati, Kabupaten Pasuruan?
- 2) Kepriye pangaruhe crita Legendha Ranu Grati tumrap masyarakat Desa Ranuklindungan, Kecamatan Grati, Kabupaten Pasuruan?
- 3) Kepriye fungsi Legendha Ranu Grati tumrap masyarakat Desa Ranuklindungan, Kecamatan Grati, Kabupaten Pasuruan?
- 4) Kepriye kalungguhane Legendha Ranu Grati tumrap masyarakat Desa Ranuklindungan, Kecamatan Grati, Kabupaten Pasuruan?

## **1.3 Ancas Panliten**

Miturut underaning panliten ing ndhuwur, bisa dimangerteni ngenani tujuwan saka panliten iki, yaiku:

- 1) Nyritakake mula bukane Legendha Ranu Grati, Kecamatan Grati, Kabupaten Pasuruan.
- 2) Ngandharake pangaruhe crita legendha Ranu Grati tumrap masyarakat Desa Ranuklindungan, Kecamatan Grati, Kabupaten Pasuruan.

3) Ngandharake fungsi Legendha Ranu Grati tumrap masyarakat Desa Ranuklindungan, Kecamatan Grati, Kabupaten Pasuruan.

4) Ngandharake kalungguhane Legendha Ranu Grati tumrap masyarakat Desa Ranuklindungan, Kecamatan Grati, Kabupaten Pasuruan.

## **1.4 Paedah Panliten**

Asiling panliten iki diajab supaya bisa kanggo:

- 1) Nambah kawruhe panliti ngenani legendha sawijine panggonan kang ana gayutane karo Ranu Grati
- 2) Menehi kawruh marang bebrayan yen ing Kecamatan Grati, Pasuruan nduweni objek wisata sejarah lan budaya, yaiku Ranu Grati lan desa sakiwa-tengene
- 3) Sumbangan referensi kabudayan Jawa tumrap piwulangan Basa Jawa ing Sekolah
- 4) Kanggo wujud dhokumen budaya

## **1.5 Wewatesane Tetembungan**

Wewatesing tetembungan ing panliten iki yaiku:

- 1) **Folklor setengah lisan** yaiku folklor kang cakrike campuran antarane unsur lisan lan nonlisan.
- 2) **Legendha** yaiku crita-crita kang dianggep masyarakat minangka crita kang ngandhut kedadeyan-kedadeyan sejarah (Hutomo, 1991:64).
- 3) **Kabudayan** yaiku sakabehing gagasan, rasa, sarta olah ciptaning manungsa ing bebrayan kang kudu dikulinakake lan dilakoni kanthi cara sinau (Koentjaraningrat, 1987:9).

## **TINTINGAN KAPUSTAKAN**

### **2.1 Panliten Saemper**

Panliten kang saemper kang wis ditindakake ing antarane yaiku skripsine Suhandayati, Sri (2011) kanthi irah-irahan *Jeneng Desa ing Kecamatan Pilangkenceng Kabupaten Madiun*. Panliten iki nggunakake tintingan onomastis sing dienggo medhar jeneng desa ing kecamatan Pilangkenceng Kabupaten Madiun. Panliten iki ngandharake mula bukane jeneng desa, fungsi, lan wujud pangaruh ala lan becik tumrap generasi tuwa lan enom. Konsep teori sing dienggo medhar fungsi sajrone crita nggunakake teorine Bascom.

Skripsine Rahmani, Maria (2016) kanthi irah-irahan *Legendha Jeneng Desa ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto*. Panliten iki meh padha karo

panliten ing ndhuwur, kang dadi pamedane yaiku panliti nggunakake teori kang beda saka liyane. Panliten iki nggunakake teori struktur crita, nilai budaya, lan fungsi. Panliten iki uga ngandharake mula bukane jeneng desa. Konsep teori sing dianggo nganalisis crita kasebut yaiku teori struktur crita saka Levi-Strauss.

Skripsine Pratiwi, Zuhriyah (2013) kanthi irah-irahan legendha *Jeneng Desa ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang*. Kaya dene panliten saemper ing ndhuwur kasebut, panliten iki uga ngandharake mula bukane jeneng desa ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang nggunakake struktur crita, fungsi, lan nilai budaya.

## **2.2 Masyarakat Jawa**

Istilah masyarakat wiwitane saka Basa Latin *society* kang nduweni teges kanca, dene ing Basa Arab ana tembung *syaraka* kang tegese melu-melu utawa melu partisipasi. Masyarakat tegese kumpulan saka manungsa kang padha sawung lan *interaksi*. Manungsa-manungsa kuwi mau cetha nduweni rasa nyawiji lan prasarana kang digunakake kanggo sawung (Koentjaraningrat, 2009:116). Dadi isa didudut yenta masyarakat Jawa yaiku kumpulane manungsa Jawa kang padha sawung lan *interaksi* tur nduweni budaya dhewe minangka prasaranane.

## **2.3 Kabudayan Jawa**

Kabeh manungsa iku nduweni cipta, rasa lan karsa kang bisa nyiptakake idhe-idhe kanggo pawujudane lan saben dhaerah mesti nduwenikang jenenge kabudayan. Sajrone kabudayan ing saben dhaerah mesti beda-beda lan ana kang isih dijaga uga ana kang wis saya ilang ing jaman saiki. "Kabudayan" asale saka basa Sansekerta yaiku *buddayah*, yaiku wujud jamak saka budhi kang ateges "budi" utawa "akal", saengga kabudayan iku nduweni teges yaiku bab kang ana gegayutane marang budi lan akal. (Koentjaraningrat, 1987:9). Dadi kabudayan yaiku asile saka budi lan akale manungsa kanggo nggayuh kasempurnaane urip ing bebrayan. Jarwane kabudayan yaiku sakabehe gagasan, rasa sarta oleh ciptane manungsa ing bebrayan kang kudu dikulinakake, dilakoni kanthi cara sinau (Koentjaraningrat, 1987:1).

## **2.4 Konsep Legendha**

Miturut Danandjaja (1984:66) legendha yaiku carita prosa rakyat kang dianggep dening wong kang nduweni cerita minangka kadadayan kang satemene dumadi. Legendha nduweni sipat sekuler (duniawi), dumadine ing jaman kang durung suwe, lan panggone ing donya kaya kang dikenal tur diwruhi saiki. Legendha uga bisa diarani minangka sejarah (folk history). Legendha biasane nduweni sipat *migratoris* yaiku bisa ngolah-ngalih, saengga bisa dikenal dening masyarakat ing dhaerah-dhaerah kang beda.

## **2.5 Konsep Folklor**

Tembung folklor dumadi saka rong tembung, yaiku tembuk *folk* lan *lore*. Tembung *folk* ateges sakumpulan manungsa kang nduweni tandha fisik, social, lan budaya. Dene tembung *lore* isa ditegesi saperangan kabudayan kang winaris kanthi cara turun-tumurun, isa kanthi lisan utawa nonlisan.

Sajrone bukune, James Danandjaja (1984:1-2) ngandharake yen ta folklor kuwi mau nduweni teges saperangan kabudayan kang asipat kolektif, sumebar tur diwarisake kanthi cara turun-tumurun, kanthi tradhisional ing versi kang maneka warna, mbuh kuwi arupa lisan utawa conto kang nduweni gerak isyarat utawa samubarang kanggo sarana pangeling-eling.

## **2.6 Konsep Makna lan Simbol**

Tradhisi lan kabudayan kang ana ing sajrone masyarakat ora bisa uwal saka simbol, wujud kabudayan arupa karya cipta kang dikasilake manungsa mesthi nduweni makna kang awujud simbol-simbol. Budaya Jawa kang kebak marang simbol, mula etnologi Jawa bisa dienggo kanggo nliti aspek simbol lan mistik kejawen (Endraswara, 2015:2). Ora beda karo andharane C.Kluckon ing sajrone Koentjaraningrat (1990:190-199) yen sajrone panguripane manungsa kebak marang kabudayan khas ing sajrone sistem budaya kang nggunakake simbol minangka piranti kanggo nitipake pesen, makna, utawa piweling tumrap masyarakat kang dadi panyengkuyung. Kabudayan lan manungsa sejatine nduweni sesambungan kang rumaked marang kabudayan kang ngandhut makna, nilai, uga pamikiran manungsa minangka pangripta. Simbol minangka wujud titikane manungsa kang ora diduweni kewan utawa makhluk liyane. Simbol, tandha, lan lambang iku nduweni sipat arbiter utawa

sasenenge. Simbol nduweni makna kang jembar, diwiwiti saka objek tartamtu lan kadadayan-kadadayan sing nduweni makna bisa sinebut simbol.

## **2.7 Konsep Fungsi**

Miturut Bascom (sajrone Danandjaja, 2002:19) pigunane folklor ana papat, yaiku: 1) minangka sistem proyeksi, yaiku kaca pangilone angen-angen saka kolektif, 2) minangka sarana pengesahe budaya, 3) minangka sarana pendhidhikan, 4) minangka piranti kanggo megsa lan ngawasi paugerane bebrayan, supaya tansah diugemi lan ditindakake dening bebrayan utawa kolektif. Miturut Dundes (sajrone Sudikan 2001:100), ngandharake yen pigunane folklore iku ana lima, yaiku: 1) kanggo nambah rasa rukun antarane bebrayan, 2) menahi piranti kang bisa dibenerake dening bebrayan, 3) supaya ora dadi padudon ing bebrayan, 4) dadi piranti kang bisa ngayomi bebrayan saka tumindak kang ora adil, lan 5) minangka piranti sing nyenengake saka Donya kang nyata saengga bisa ngowah-owahj pakaryan sing ora pati kepenak dadi pakaryan kang nyenengake.

## **2.8 Lelandhesing Teori**

Sabanjure sajrone lelandhesan teori bakal diandharake ngenani analisis lan konsep miturute para ahli kang digunakake kanggo nintitngi PLRG supaya luwih gampang anggone njlentrehake ngenani legendha kang diteliti iki teori kang digunakake kanggo njlentrehake fungsi sosial saka panliten Legendha Ranu Grati yaiku nggunakake pamawase Allan Dundes, Saka teori fungsi kang diandharake dening Allan Dundes iku mau bisa ngrembaka gumantung masyarakat kang ana ing dhaerah kasebut utawa bab kasebut bisa diarani *modifikasi* fungsi kang ana ing masyarakat.

Babagan kapisan kang ditititngi yaiku mula bukane PLRG minangka perangan saka folklor lesan. Kapindhone yaiku ngenani pangaruhe legendha tumrap masyarakat panyengkuyunge nggunakake konsep kang diandharake Danandjaja (1984:66). Sabanjure yaiku ngenani makna simbol kang kinandhut PLRG nggunakake analisis (Suwandi, 2006:49) Babagan kapapat, yaiku ngenani fungsi legendha kang kinandhut sajrone PLRG kang nggunakake konsep Bascom sajrone Danandjaja (1984:19), pigunane folklor diperang dadi papat yaiku 1) minangka sistem proyeksi yaiku kanggo kaca

pangilon mangangen-angen sawijine kolektif; 2) minangka piranti pangesahan lembaga-lembaga kabudayan; 3) minangka piranti kanggo pendhidhikan bocah; 4) minangka piranti *pengendali* sosial. Saliyane iku uga ana nilai budaya kang kinandhut ing sajrone PLRG kang nggunakake panemune Lantini (1996:251).

## **METODHE PANLITEN**

### **3.1 Ancangan Panliten**

Ancangan kang digunakake sajroning panliten iki asipat kualitatif: deskriptif. Panliten kualitatif yaiku sawijining ancangan panliten kang ancane kanggo menahi cathetan-cathetan saka tandhane samubarang kang diteliti kanggo ngasilake data-data aktual lan akurat. Masalah kang ana ing panliten kualitatif iki sipate durung mesthi lan bisa owah sawise panliti ana ing lapangan (Sugiyono, 2011:205).

### **3.2 Objek lan Papan Panliten**

Papan panliten iki manggon ing Desa Sumberdawesari, Desa Gratitunon, lan Desa Sumberagung, Kecamatan Grati Kabupaten Pasuruan. Objek saka panliten iki, sastra lisan kang awujud legendha Ranu Grati. Objek iki dipilih amarga (1) sangertine panliti, legendha Ranu Grati durung tau diteliti, (2) legendha Ranu Grati nganti saiki isih dipercaya dening masyarakat ing desa-desa kasebut kang manggon ing Kecamatan Grati Kabupaten Pasuruan, (3) panliti ngrasa yen legendha kasebut perlu dislametake, diopeni, lan dilestarekake kanggo nuwuhake rasa melu nduweni kabudayan kasebut lan kabudayan kasebut minangka salah sijine idhentitas salah sawijining dhaerah.

### **3.3 Dhata lan Sumber Dhata**

Sumber dhata lan dhata kuwi nduweni kalungguhan kang wigati. Lumantar sumber dhata, panliti bisa antuk informasi kang dibutuhake kanggo panliten. Saka dhata, panliti bisa antuk katrangan saka objek kang diteliti.

#### **3.3.1 Sumber Dhata**

Sumber dhata kalebu perangan saka panliten, amarga kanthi anane sumber dhata lan dhata, panlitenkang dilakoni dibuktekke kanthi konkret. Sumber dhata isa diolehake saka informan. Informan yaiku sapa wae kang bisa menahi informasi utawa katrangan ngenani objek panliten. Informan

uga bisa kaperang dadi loro, yaiku informan primer lan informan sekunder utawa biasane uga bisa diarani informan kunci lan informan biasa. Informan primer utawa informan kunci yaiku pawongan utawa kelompok bebrayan kang nduweni informasi pokok ngenani budaya tartamtu kang ana ing sawijine dhaerah.

Endraswara (2009:220), ngandharake informan kunci yaiku wong kang nduweni wigati ana ing babagan folklor lisan kayata sesepuh, dhalang lan sapiturute. Dene informan tambahan yaiku informan kang dadi panyengkuyung folklor lisan.

### **3.3.2 Dhata Panliten**

Dhata kang digunakake yaiku awujud dhata lisan lan dhata non lisan. Dhata lisan kang awujud tetembungan, ukara, rerangken crita kang wujud dongengan saka asil wawancara, saliyane wujud iku, uga ana wujud kang arupa pitutur-pitutur, fungsi lan kalungguhane legendha ing masyarakat Desa Ranuklindungan. Dhata non lisan yaiku awujud dhokumentasi. Dhata kang wis mlumpuk banjur disusun, dianalisis gegayutan karo tintingan kang digawe ing panliten iki yaiku tintingan budaya.

### **3.4 Instrumen Panliten**

Instrumen panliten yaiku piranti-piranti kang digunakake kanggo nggarap asile panliten. Instrumen panliten miturut Sugiyono (2008:102), yaiku piranti kanggo nлити ngenani kadadegan alam lan solah bawane manungsa. Instrumen panliten ing kene ana telung werna. Yaiku panliti, daftar pitakonan, lan alat bantu.

#### **3.4.1 Panliti**

Panliti utawa *human instrument* yaiku pawongan kang nganakake panliten iki, panliti minangka dhalang sajrone panliten kang ditindakake nglakoni pengamatan langsung amarga saliyane bisa ngerteni solah bawa kang ditindakake subjek uga bisa interaksi langsung marang objek kang bakal diteliti, (Moleong, 2011:164).

#### **3.4.2 Dhaptar Pitakonan**

Dhaftar pitakonan iki dibutuhake nalika panliti arep golek informasi ngenani Pangaruhe Legendha Ranu Grati. Dhaptar pitakon digawe sadurunge panliti nganakake wawancara karo informan. Dhaptar pitakonan digunakake kanggo ngantukake dhata saakeh-akehe saka informan.

#### **3.4.3 Alat Bantu**

Panliten tumrap legendha Pangaruhe Legendha Ranu Grati kalebu panliten lapangan. Alat bantu yaiku piranti kanggo nyengkuyung apik lan tumatane asile panliten. Piranti kang dibutuhake yaiku:

- 1) Kamera Digital kanggo njupuk gambar ing metodhe observasi.
- 2) Handphone kanggo ngrekam data nalika wawancara.
- 3) Angket utawa kuesioner kang arupa pitakonan tinulis.
- 4) Buku lan pulpen kanggo nyathet babagan kang wigati nalika nganakake panliten ing lapangan.

### **3.5 Tatacara Ngumpulake Data**

Sajrone panliten kualitatif, teknik ngumpulake data kang utama yaiku observasi, dokumentasi, lan wawancara. Tekniknglumpukake data ing panliten iki yaiku:

#### **3.5.1 Observasi**

Miturut Sugiyono (2011:226-228) teknik observasi diperang dadi telu yaiku: (1) observasi partisipasi, (2) Observasi terusterang utawa *tersamar*, (3) Observasi kang ora *berstruktur*. Sajrone panliten legendha Ranu Grati iki nggunakake observasi terus terang utawa *tersamar* lan observasi kang ora *berstruktur*. Kanthi cara kasebut, kaanggep bisa menahi datapanliten iki. Saka teknik observasi iki bisa diasilake ngenani kahanan lan kasunyatane legendha Ranu Grati.

#### **3.5.2 Wawancara**

Wawancara, yaiku guneman kanthi maksud lan ancas kang tinamtu. Guneman iku katindakake dening rong pihak, yaiku antarane kang menahi pitakonan lan kang diwawancarani utawa kang aweh wangsulan minangka pitakonan kang wis diwenehake mau (Moleong, 2005: 135).

#### **3.5.3 Dokumentasi**

Dokumentasi kanggo ngupadi data-data ngenani bab-bab utawa *varian* kang arupa cathetan, transkrip, buku, surat kabar, kalawarti, prasasti, notulen, rapat, legger, agenda lan liya-liyane (Arikunto, 2010:201).

#### **3.5.4 Rekaman**

Rekaman yaiku tipet utawa kesan saka samubarang kang wis diucapake utawa ditulis (Poerwadarminta, 1984:187). Teknik rekam iki katindakake supaya antuk katrangan saka informan ngenani legendha Ranu Grati. Saka teknik rekaman

panliti bisa ngrekam sakabehe informasi kanthi jangkep.

### 3.5.5 Cathetan

Cathetan (nyathet) yaiku nulis samubarang kang dianggep wigati lan minangka pangling-eling. Bab kang perlu dicathet yaiku sakabehe kang dianggep wigati lan ana sambung rakede karo panliten kang ditindakake. Sajrone panliten iki bab kang dianggep wigati kayata, tanggal rekaman, panggonan rekaman, data ngenani informan (jeneng, umur, jenis kelamin, pakaryan, pendhidhikan, lan basa kang dimangerti).

### 3.5.6 Teknik Transkripsi Dhata Swara

Miturut Hutomo (1991:6) tatarane nranskrip data, yaiku (1) nranskrip kanthi cara kasar, swara kang ana ing rekaman ditulis tanpa ngowahi hurup lan tandhane, (2) transkripsi kasar iku mau banjur ditranslitake, (3) sawise iku, panliti miwiti anggone nyusun asil wawancara, (4) sawise asil saka transkripsi wis rampung, banjur bisa ditulis awujud teks.

### 3.6 Keabsahan Data

Dhata-dhatang kang wus diasilake ing panliten iki kudu dipriksa lan diuji maneh kabenerane, cara iki ditindakake supaya asil panliten ngenani pangaruh legendha Ranu Grati iki bisa dipercaya. Sudikan (2001:169) njlentrehake yen absahae dhata kuwi bisa ditindakake mawa cara: 1) nindakake proses *triangulasi*. Dene proses *triangulasi* dhewe bisa ditindakake nganggo patang cara, yaiku *triangulasi* sumber dhata, *triangulasi* nglumpukake dhata, *triangulasi* tumrap metodhe pangumpulan dhata, lan *triangulasi* tumrap teori analisis yaiku kanthi cara nggoleki teori kang cundhuk karo panliten kang dilakokake; nindakake *peer debriefing*, yaiku sawijine cara kanggo nguji lan mriksa asile panliten; *member check* lan *audit trial*, yaiku nglakoni pamriksan dhata kang isih mentah utawa dhata kang durung diolah kaya dene potu lan asil rekaman.

Miturut Endraswara (2009:224), ana patang cara kang digunakake kanggo ngerteni dhata kang wus dikumpulake kagolong sah apa ora, yaiku kanthi: (1) nindakake *triangulasi* yaiku kanthi nggunakake konsep folklor kang nggoleki makna kanggo para panyengkuyunge ing buku kang cundhuk karo teori kang dienggo; (2) nindakake *checking* dhata, panliti nggunakake *checking* dhata iki nalikane sawise nindakake proses wawancara, ancane

yaiku supaya ora ana *miss* komunikasi antarane panliten kang ditindakake lan informan kang dijaluki informasi. Sawise wawancara ing kene panliti banjur ngecek dhata rekaman kang wus ditindakake; (3) nindakake *member checking*, ing kene panliti nindakake konsultasi karo para mitra lan wong-wong kang dianggep wasis ngenani valide panliten kang wus dilakoni iki kanthi cara mriksa maneh dhata kang isih arupa cathetan lan asil rekaman saka Mbah Sudin, Mbah Kahar, lan Pak Yuslimu; lan (4) nindakake *review*, ing kene panliti konsultasi karo para mitra lan wong kang dianggep wasis ngenani laras lan leres panliten kang wus ditindakake.

### 3.7 Analisis Data

Teknik analisis data kang digunakake ing panliten iki yaiku metode analisis deskriptif. Metode analisis deskriptif digunakake kanggo ndeskripsikake data-data kang ana ing lapangan, dhata kang wus dideskripsikake sabanjure dianalisis lan ditafsirake, saengga para pamaos bisa mangerteni kanthi setiti.

Kanggo nganalisis data ing panliten iki yaiku: (1) transkrip ngenani legendha Ranu Grati, (2) identifikasi ngenani wujud crita, fungsi sosial, lan kalungguhane legendha Ranu Grati marang masyarakat, (3) klasifikasi data, yaiku data kang ana diklasifikasekake utawa digolong-golongake, (4) data kang wis digolong-golongake banjur dianalisis, lan (5) dudutan ngenani wujud crita, fungsi sosial, lan kalungguhane legendha Ranu Grati tumrap masyarakat Desa Sumberdawesari, Desa Ranuklindungan, Desa Gratiunon, lan Desa Sumberagung, Kecamatan Grati, Kabupaten Pasuruan.

### 3.8 Teknik Nulis Asiling Panliten

Asiling laporan panliten iki bakal didadekake limang bab. Perangan kapisan minangka purwaka, yaiku ngandharake kanthi sistematis wiwit lelandhesaning panliten, underaning panliten, ancasing panliten, paedahing panliten, lan wewatesaning tetembungan. Perangan kapindho ngandharake ngenani tintingan kapustakan. Bab telu ngandharake ngenani metode panliten. Bab papat, analisis data, yaiku ngenani wujud legendha Ranu Grati, pangaruhe legendha kasebut tumrap masyarakat ing Desa Ranuklindungan, fungsi sosial legendha Ranu Grati, lan kalungguhane legendha

Ranu Grati tumrap masyarakat Desa Ranuklindungan. Bab lima minangka panutup dadi bab kang pungkasan ing panliten. Bab Vmengko bakal ngandharake ngenani dudutan saka asiling analisis ngenani legendha Ranu Grati lan panyaruwe kang ana gayutane karo panliten kang wus rampung ditindakake.

## **ANDHARAN**

### **4.1 Kahanan lan Wilayah Desa Ranuklindungan**

#### **4.1.1 Kahanan Alam ing Desa Ranuklindungan**

Desa Ranuklindungan nduweni amba watara 3.920 ha. Lemah ing desa Ranuklindungan kalebu lemah kang subur, cocog kanggo nandur tetuwuhan, semono uga banyu uga sarwa cukup. Dadi ora kaget yen masyarakate akeh kang manpaatake kahanan kanggo nandur palawija lan palapendhem. Ditilik saka *taraf hidup*, masyarakat desa Ranuklindungan wus kagolong modern. Kahanan iki isa dijajari maneka warna jalaan. Contone omah kang wus diwangun saka watu bata lan ora ana omah kang diwangun saka kayu. Listrik, telpun, internet uga wus kagolong suwe mlebu ing desa Ranuklindungan. Semono uga dalan utawa akses kang ana ing desa Ranuklindungan. Dalan kang ana ing desa Ranuklindungan wus awujud aspalan uga pavingan, ora ana kang arupa makadam.

#### **4.1.2 Struktur Pamarentahan Desa Ranuklindungan**

Ing struktur pamarentahan iki mengko diperang maneh wiwit saka struktur kang durung ana lan uga wis ana sadurunge ing Desa Ranuklindungan. Rukun Tetangga (RT) uga minangka perangan saka struktur pamarentahan kang paling ngisor sajrone pamarentahan desa Ranuklindungan. RT nduweni fungsi/peran kang wigati kanggo nglayani kepentinganane masyarakat ing desa Ranuklindungan. Saka kumpulane RT bisa ndadekake RW (Rukun Warga) kang tatarane luwih dhuwur satingkat. Rukun Warga (RW) fungsine bisa mbiyantu uga nyengkuyung kepentinganane masyarakat supaya uneg-uneg kang diduweni masyarakat bisa dirembug bebarengan karo warga liyane. Contone kaya ngenani kumpulan karang taruna, kerja bakti, PKK, lan liya-liyane kang bisa dirembug bebarengan lan ora asipat indhividhu.

#### **4.1.3 Pendhudhuk Desa Ranuklindungan**

Miturut dhata kependhudhukan ing taun 2019, cacahé pendhudhuk desa Ranuklindungan ana 4.149 jiwa. Cacahé pendhudhuk priya ing desa

Ranuklindungan ana 2.040 jiwa, dene sing wanita ana 2.109 jiwa. Pendhudhuk ing desa Ranuklindungan iki kaperang dadi 1.312 KK (Kepala Kulawarga). Dhata-dhata pendhudhuk ing ngisor iki cacahé bisa owah saben taune. Cacahé pendhudhuk bisa suda nalika ana wong kang pindhah lan tilar donya, uga bisa tambah nalikane ana pindhahan anyar saka njaba desa lan bocah lair.

#### **4.1.4 Pangupajiwane Warga Desa Ranuklindungan**

Pangupajiwa iki ana sesambungane karo penggaweyan apa kang dilakoni dening warga desa Ranuklindungan. Saliyane dadi pegawe swasta, uga ana warga desa Ranuklindungan kang dadi sopir, guru, petani, buruh tani, PNS, dagang, dhokter swasta, TNI, POLRI, pengusaha, ibu rumah tangga, pensiunan, lan sapiturute. Pangupajiwa kasebut mbuktekake yen tatanan pendhidhikan ing desa Ranuklindungan kaetungluwih maju, jalaran masyarakat wusngerteni, meruhi, lan nggatekake pendhidhikan.

#### **4.1.5 Agama lan Sistem Religi ing Desa Ranuklindungan**

Agama dadi salah siji babagan kang paling wigati sajrone urip ing alam donya. Agama dadi salah sijine ulah kapitayan antarane manungsa marang Gustine. Warga desa Ranuklindungan mayoritas nganut agama Islam, uga ana kalangan minoritas kang nganut agama Kristen Katholik. Senadyanta beda sistem religi, ana mayoritas lan minoritas, nanging warga desa Ranuklindungan tetep nglakoni Bhinneka Tunggal Ika, tansah gotong royong, tulung-tinulung, saiyeg, rukun, saeka kapti. Dene kanggo ngibadah dhewe, warga kang kagolong mayoritas lumrahe nggunakake masjid Baytul Khair lan mushollah-mushollah kang sumebar ing desa Ranuklindungan.

#### **4.1.6 Basa kang Digunakake**

Saben dhaerah jelas nduweni titikan kang khas ing babagan basa. Salah sijine nyaiku dialek kanggo omong-omongan kang bisa mbedakake karo basa dhaerah liyane. Basa kasebut yaiku basa Jawa minangka basa ibu utawa basa kapisan kang ditampa, uga ana basa Indonesia kang dadi basa kapindho. Basa Jawa minangka basa ibu nduweni kalungguhan kang luwih onjo tinimbang basa Indonesia. Basa Jawa kang duwe undha-usuking basa kanggo cecaturan bisa ngalusake lan bisa ngregani wong kang sapantaran utawa wong kang luwih tuwa umure. Basa Indonesia digunakake ing kahanan kang



resmi, kaya dene ing lingkungan sekolah uga ing instansi-instansi pamarentahan. Uga ana basa Medura kang etungane minoritas. Anane etnis Medura kang neka ing tlatah Ranuklindungan uga menahi daya tumrap ragam basa kang dienggo saben dina

#### **4.1.7 Gayutane Kahanan Desa lan Legendha Ranu Grati**

Gegambaran desa Ranuklindungan nduweni daya pangaribawa gedhe tumrap kepercayaan warga desa kang wus ana lan turun-temurun. Kepercayaan iku bisa njalariwarga desa njaga kahanan alam sakupenge. Legendha Ranu Grati uga menahi daya pangaribawa tumrap pakulinane warga desa Ranuklindungan njaga kahanan alam, utamane Ranu Grati, minangka salah sawijine wujud warga desa ngrembakakake legendha kasebut, jalarane ya ora liya Ranu Grati wus dianggep papan lan panggonan kang sakral dening warga desa Ranuklindungan. Semono uga Ranu Grati uga dadi salah sijine obyek wisata kang kondhang ing tlatah Pasuruan. Gayutan antarane Legendha Ranu Grati karo desa Ranuklindungan yaiku anane Ranu Grati kang kalebu ing telung desa, Desa Sumberdawesari, Desa Kalipang, lan Desa Ranuklindungan salah sijine. Warga desa Ranuklindungan dhewe isih akeh sing percaya tumrap Legendha Ranu Grati, dadi kanthi ora langsung legendha Ranu Grati menahi daya pangaribawa tumrap pakulinane warga desa Ranuklindungan ing aktivitas saben dinane

#### **4.2 Wujude Legendha Ranu Grati**

Mula bukane Ranu Grati kawiwitan saka anane kakang lan adhi kang tunggal bapak lan ibu saka trah Brawijaya. Mbah Sudin dhewe lali sapa jenenge sing lanang, dene sing wadon jenenge Raden Ayu Endhang Sukarni. Dene Endhang Sukarni dhewe kapernah adhi wuragil saka sing lanang. Miturut Mbah Sudin, Endhang Sukarni nduweni pakulinan kang ala, jalaran dheke nyenengi kakang kandhunge dhewe. Wruh kahanan kang kaya mangkono, bapake Endhang Sukarni menahi jejibahan tumrap wong loro kuwi mau dimen ora kladuk anggone Endhang Sukarni nyenengi kakange dhewe. Jejibahane yaiku ndhawuhi kakange sing mbarep njaga tlatah Jawa Timur wiwit Pasuruan mengetan, dene si Endhang Sukarni dhewe didhawuhi njaga Jawa Timur sisih kulone Pasuruan. Ora kakehan wuwus, wekasane si Endhang Sukarni

budhal ngestokake dhawuh bapake, ora let suwe kakange uga nututi budhal mengetan.

Wus rada suwe anggone Endhang Sukarni ngestokake dhawuh bapake, nanging dheweke isih durung bisa ngilangi rasa tresna tumrap kakange dhewe. Wekasane si Endhang Sukarni bali maneh menyang wong tuwane. Tekane ora liya ya mung kepengin nemoni kakange lan kanggo nakokake ana ngendi kakange saiki. Nanging anggone wong tuwane nyauri mung nuduhi panggone, nanging ngengingi bab cethane bapake ya ora meruhi. Saking tresnane si Endhang Sukarni karo kakange dhewe, wekasane Endhang Sukarni nekad budhal nggoleki menyang panggonan kang wus dituduhake dening wong tuwane mau.

Sawise teka ing Pasuruan, Endhang Sukarni langsung njujug ing dhaerah lapangan Perdamaian pase neng sendhang ing dhaerah kono. Ana kono kira-kira nganti rong wulan. Sawise dirasa ora ana pawarta ngenani kakange, wekasane Endhang Sukarni mlaku ngalor lan mandheg ing gothekan warak sakidule pasar kewan Grati watara telung sasen. Sawise dirasa kulak pawarta lan adol pangrungu ngenani apa sing digoleki nihil, wekasane dheweke mlaku ngulon lan mandheg ing dhaerah Kenayan. Endhang Sukarni ana kono suwe, nganti duwe anak turun barang. Nanging sarehne apa sing dikarebi ora ndang ketemu, wekasane dheweke ngalih maneh.

Sawise kuwi, Endhang Sukarni mlaku ngetan, prapteng Dhusun Sumber Topeng ing Desa Sumberdawesari. Dheweke manggon suwe ing sendhang kang winastan Sumber Topeng, ya jeneng sendhang iki uga kang njalari jeneng dhusun Sumber Topeng kang ana nganti saiki. Sawetara iku, kakange wus dadi demang ing dhaerah kono. Kanggo njaga katenteman ing kademangan kono, saben dalu ana limang wong kang patrol utawa jaga ngubengi desa. Sarehne Sumber Topeng uga kalebu wilayah kademangan kono, otomatis dhaerah Sumber Topeng ora luput saka pengawasane wong kang jaga dalu. Wong lima kang lagi njaga kuwi mau kaget kok ana wong wadon dalu-dalu ing ngriku, banjur limang wong kuwi marani, nakoni, lan ngajak Endhang Sukarni sowan menyang omahe demang. Wong lima mau uga kemrungung merga nyawang kasulistiyane Endhang Sukarni.

Sawise kuwi, limang wong kuwi mau balik menyang kademangan lapur demang ngenani apa

kang ditemoni ing sendhang Sumber Topeng. Keprungu apa kang dicritakake dening wong lima kuwi mau, demang ora percaya. Dheweke bakal percaya yenta wong lima kuwi mau kasil nggawa wong wadon ayu kasebut menyang kademangan. Sesuke limang wong kuwi mau ngajak Endhang Sukarni kanthi alasan wong lima kuwi mau bakal diamuki demange upama ora kasil nggawa dheweke, nanging Endhang Sukarni panggah ora gelem. Lagi ing ajakan kang kaping telu si Endhang Sukarni gelem lan ora nampik ajakane.

Wekasane Endhang Sukarni melu limang wong kuwi lan sawetara melu rondha. Bubar rondha, dheweke dipasrahke menyang demang ing kademangan. Sawise teka ing kono, dheweke diarih-araih dening bojo-bojone demang. Dheweke mesakke jalaran kok ana wanodya kang sulistyeng warni nanging kok manggon ijen ing sendhang. Dheweke uga nawani Endhang Sukarni supaya manggon ing kademangan lan dadi bojone demang kang wekasan.

Ora let gantalan sasi, ing kademangan kono banjur ketekan pageblug. Pageblug kang nyerang wargane bebasan esuk lara sorene mati, sorene lara esuke mati. Akeh warga desane kang mati amarga pageblug iki. Banjur si demang kuwi mau golek pepadhang kanthi sarana sembahyang kajat saben dalu lan njaluk pageblug kang nyerang kademangane bisa ilang. Wekasane demang entuk jawaban saka sing kuwasa apa kang njalari desane kaserang pageblug. Jalarane ora liya ya amarga bojone sing wekasan. Sing kuwasa menging lan ora ngidini demang rabi karo Endhang Sukarni lumantar pageblug kang nyerang kademangan kono. Yen ditilik saka kasunyatan, asline demang kuwi mau ngrabi adhi kandhunge dhewe lan babagan kuwi cetha ora oleh dilakoni ing agama.

Wekasane demang ngajak bojo-bojone rembugan ngenani piye bakale ing tembe mburine. Dheweke nduweni pamanggih yenta arepe megat si Endhang Sukarni lan nundhung si Endhang Sukarni saka kademangan kono. Banjur si demang kuwi mau ngomong nyang Endhang Sukarni nek dheweke njaluk pegatan lan seduluran sing apik wae dimen kademangan kono isa bali kaya asal lan pageblug isa sirna. Si Endhang Sukarni uga nyaguhi lan lila yen dheweke dipegat lan ditundhung saka kademangan kono.

Endhang Sukarni metu saka kademangan kono banjur mlaku mengetan. Dheweke mandheg lan

ngudarasa ing alas kang isih akeh wit jati kang gedhe-gedhe. Dheweke ngudarasa yenta dheke wis lila yen ditundhung saka kademangan kono. Ya pangudarasa kuwi kang ndadekake Desa Sumberdawesari lan Dhusun Jatisari ing tembe samangke. Crita kasebut bisa dideleng ing pethikan asil wawancara ing ngisor iki:

*“Ya, gak apa-apa aku ditundhung, sonder tukaran, sonder padu. Aku dijak seduluran, ya ayo seduluran wis. Ya, sing mbauregsa kene, sing mbauregsa pekarangan kene, sing mbauregsa pedhukuhan kene kabeh. Sampeyan sekseni salumahe bumi, sakureping langit, lan saisine kabeh. Dina iki aku metu teka kene, aku sik keadaan ayu-ayune ndhik kene, aku ya sik seneng-senenge ana kene. Pedhukuhan kene gak takarani pedhukuhan apa-apa, pedhukuhan kene takarani pedhukuhan Sumberdawesari”*

(Mbah Sudin, 6 Desember 2019)

Mlaku mengetan maneh si Endhang Sukarni nganti watese Desa Sumberdawesari saiki. Dheweke ing kono ngrasa awake gatel kabeh tur kanthi kahanan ati kang isih pegel ora ketulungan. Ya saka kedadeyan iku kuwi, tekan seprene panggonan kuwi mau winastan Padhukuhan Brongkol. Tekan seprene, padhukuhan kuwi pinercaya kanggo panggone wong kang atine padha mrongkol/pegel. Kabukti saka wangsulane Mbah Sudin yenta Padhukuhan Brongkol uga kerep dienggo wong-wong etnis Medura caruk/carok. Crita kasebut bisa dideleng ing pethikan asil wawancara ing ngisor iki:

*“Aku ana kene awakku gatel kabeh, semono uga atiku ya sik pegel. Aku koyok kudu muring-muring ae ndhik kene iki. Ati pegel, awak gatel kabeh, sembarang pegel gak karuwan jluntrunge. Sing mbauregsa alas kene, segsenana kabeh. Merga atiku pegel, kudu ngamuk gak karu-karuwan, panggonan kene iki takarani pedhukuhan Brongkol”. Dados jeneng niki wau wonten pengaruhe ngantos sakniki. Pedhukuhan Brongkol niki panggonane singen koyok jenenge pun, mbrongkol, dadi panggone wong kisruh/tawur/caruk”.*

(Mbah Sudin, 6 Desember 2019)

Lumaku maneh si Endhang Sukarni mengetan nganti teka ing tapal watese telung desa. Ana kono gatele saya ndadi. Rasa gatel kang ora umum kuwi mau dikukur dening Endhang Sukarni. Saking nemene olehe ngukur nganti-nganti dheweke ora krasa yen klambi sing dienggo bedhah lan suwek kabeh. Banjur dheweke ngudarasa maneh, lan saka pangudasane mau panggonan ing kono nganti saiki winastan Desa Sanganom. Cita kasebut bisa dideleng ing pethikan asil wawancara ing ngisor iki:

*“Sing ndhik kene iki ketoke seneng nek ndelok wong uring-uringan. Ya, masih klambiku bedhah kabeh, gak apa-apa wis. Segsenana kabeh. Karia ana kene, ajok kanthil nyang aku maneh. Mbesuk nek ana raja-rejane jaman, pedhukuhan iki takarani pedhukuhan Sanganom”.*  
(Mbah Sudin, 6 Desember 2019)

Banjur Endhang Sukarni mlaku mengidul. Saking kesel lan lungkrahe, dheweke wekasane ora kuwat lan ambruk ing sangarepe pondhok ing Alas Kediren kono. Ora ana pondhok liya kang gedhe lan akeh santrine kajaba pondhok ing Alas Kediren. Pondhok kuwi mau rinegsa dening kyai kang asale saka Mesir, peparab Syekh Begawan Nyampo. Wekasane Endhang Sukarni melu mondhoek ing kono senadyanta santri-santrine Syekh Begawan Nyampo kuwi mau lanang kabeh lan lagi sapisanan kuwi Syekh Begawan Nyampo nrima santri wadon, ora liya ya Endhang Sukarni kuwi. Jalarane sepele, merga Syekh Begawan Nyampo durung nate nemoni wong wedok wiwit dheweke isih mudha tumaruna.

Ing pondhok kuwi mau wus tiba wancine tengah ratri, tegese para santri padha turu. Ing tabuh kuwi uga, Syekh Begawan Nyampo nglilir lan tangi saperlu nggoleki santri anyare merga dhek mau dheweke lali meseni santri wedoke supaya mapan turu ana ing panggon kang wus dikarepake. Wus suwe anggane mubeng-mubeng nggoleki santri wedoke, wekasane dheweke nemoni santri wedoke kuwi mau turu aneng senthong sisih lor panggon pondhokane. Amarga saking sirebe anggane turu, Endhang Sukarni ora sadhar yen jariké nyingkap lan katok wentise. Syekh Begawan Nyampo kang wiwit mudha tumaruna durung weruh babar pisan rupane wong wadon cetha kemrungsung ndelok wentise santri wedoke kanthi ora disengaja senadyanta dheweke wus kasil tirakat mataun-taun. Jumeneng

ponang palanangan. Syekh Begawan Nyampo langsung murebi santri wedoke mau kaya-kaya arep ngajak saresmi. Weruh yen Syekh Begawan Nyampo arep murebi awake, Endhang Sukarni sakkala mlayu lan nginggati Syekh Begawan Nyampo kang lagi murebi lemah. Datan dangu, ponang tirtakamandanu lumaku medal saking pucuking palanangan lan mbanjiri panggonan. Saking akehe tirtakamandanu kang metu, lemah ing kono nganti teles kaya lendhut. Kinepel-kepel lemah lendhut mau lan diwehi pangot utawa lading. Lading kuwi mau didadekake sikeb dening Syekh Begawan Nyampo lan ora tau owal saka anggane.

Sawise rada suwe mondhoek, Endhang Sukarni nandur kembang pandhan mubeng sanjabane senthong. Sawise pandhan wus tiba ing wancine dipethik, Endhang Sukarni wiwit methiki godhong pandhan kuwi mau lan diirisi kanggo didol menyang pasar. Penggaweyane saben dina lan saben esuk kaya mangkono. Ing sawijine dina, nalika dheweke arep ngirisi godhong pandhan maneh, lading sing saben dinane dienggo ngirisi godhong kembang ilang lan ora karuwan jluntrunge. Endhang Sukarni uga plaur takon menyang Syekh Begawan Nyampo, ora nemu pepadhang. Banjur Syekh Begawan Nyampo uga ngrewangi santri wedoke kuwi mau nggoleki lading sing ilang, nanging asile nihil. Sarehne kuwatir godhong pandhane mundhak garing, wekasane Syekh Begawan Nyampo nawarake lading utawa sikebe. Nanging dheweke meling yen lading kuwi mau landhepe pitung cemukur lan ora oleh dipangku sandhuwure pupu.

Sawise kuwi, godhong pandhan kang wis akeh kuwi diirisi dening Endhang Sukarni. Basan wus tomblok wekasane kang rada adoh, Endhang Sukarni ngranggeh tomblok kuwi lan lali karo welinge Syekh Begawan Nyampo. Endhang Sukarni isih nggulungi godhong pandhan lan lali yen lading kuwi wus pinangku ing pupu lan ilang ora karuwan jluntrunge. Endhang Sukarni kaget lan nakokake babagan kuwi menyang Syekh Begawan Nyampo. Nanging paribasan sega wus dadi bubur, samubarang kang wus dumadi ora kena diselaki, ya amung rasa getun kang sinandhang. Ora ana kang bisa diulah dening Syekh Begawan Nyampo, dheweke mung mbaleni weling kang wus didhawuhke menyang santrine. Yen tinemu nalar, tirta kamandanu kang wus metu saka panggane kudu ana panggon kang dituju. Panggonan kuwi ya

ora liya guwa Kiskendha minangka pasemone. Crita kasebut bisa dideleng ing pethikan asil wawancara ing ngisor iki:

*"Yai? Yai?", "Apa, Ndhuk?", "Lading sing sampeyan paring niku wau kok mboten wonten, Yai?", "Hloh? Yak apa sih? Lading iki ndhak ya koen a sing nyilih. Koen seleh ndi iku mau?", "Kula tinggal nggulungi kembang niku wau, kula salap teng ngriki" naaah, kalih nuding pupune si santri niku wau. "Ndhuk. Aku mau lak wis kandha a nyang koen. Lading iku aja sampak koen deleh ndhik pupumu. Alhamdulillah, Ndhuuuk. Kate ana apa iki? Wadhuh blaen iki, Ndhuuuk. Aku lak wis kandha, ladingku iku aja sampak koen pangku. Ladingku iki landhepe pitung cemukur, ndhak ana sing madhani. Nek sampak koen pangku, wahhh blaen temenan, Ndhuk".*

(Mbah Sudin, 6 Desember 2019)

Wus suwe anggone andarbeni, wekasane Endhang Sukarni babaran. Ora salumrahe bayi kang mijil saka guwa garbane, nanging kang mijil yaiku endhog. Nalikane wus antuk sangang wulan luwih sepuluh dina, endhog kuwi mau netes lan metu ula saka njerone. Cinarita, anak rupa ula kang ora dikarebi dening wong tuwane kuwi mau saya gedhe lan saya gedhe ing saben jame, cinarita yen ula kuwi gedhene nganti pitung bongkoting tal nganti-nganti wong tuwane dhewe wedi yen katon rupane.

Ing pondhoke Syekh Begawan Nyampo mau, kulinane saben Jemuwah Legi nganakake pengajen. Pengajen kuwi umume ditekani wong akeh. Syekh Begawan Nyampo kuwatir yen sakehe wong kang teka ing pengajen kuwi bakal meruhi Jaka Baru kang gedhene sapitung bongkoting tal. Cetha ngegla tur wela-wela para wong kang teka ing pengajen bakale bubar mawut merga keweden nyawang si Jaka Baru. Sarehne wedi lan njagani supaya samubarang kuwi ora kedaden tenan, wekasane Syekh Begawan Nyampo ngongkon Jaka Baru kanthi aling-aling golek banyu nganggo kranjang ponthang. Tanpa kakehan wuwus, si Jaka Baru budhal ngestokake dhawuh kyaine.

Nalikane si Jaka Baru prapta ing sumber, dheweke rumasa kangelan arep kasil nglebokake banyu menyang kranjange, merga wus cetha wela-wela yen kuwi kranjang ponthang, kranjang kang

umume dienggo wong ngarit. Saking serune banyu kang gemrojog saka sela-selane kranjang ponthang, Nyi Rara kidul kang lagi ana ing alas kono krungu lan marani asale swara kasebut. Banjur Nyi Rara Kidul mbukak apa ancasa Syekh Begawan Nyampo ndhawuhi dheweke golek banyu nganggo kranjang ponthang. Ancasa ora liya supaya Syekh Begawan Nyampo ora kisinin lan supaya para wong sing teka ing pengajen ora bisa ndelok Jaka Baru. Semono uga Nyi Rara Kidul uga mbukak sejatine Jaka Baru. Sejatine si Jaka Baru ora liya ya anake Syekh Begawan Nyampo lan Rara Endhang Sukarni. Banjur Nyi Rara Kidul menehi wruh supaya si Jaka Baru kasil nggawa banyu nganggo kranjang ponthang. Carane yaiku kranjang ponthang kuwi mau ditumpuki godhong krumbang ing sisih ngisor lan pinggire nganti ora ana bolonge. Ing wekasane, Nyi Rara Kidul pesen tumrape Jaka Baru supaya ora kandha lan crita menyang wong tuwane ngenani sapa sing muruki carane nembel kranjang ponthang nganggo godhong krumbang kuwi.

Sawetara aneng pondhok wus kaleksanan pengajen rutinan saben Jemuwah Legi. Akeh wong kang teka lan ngebaki palataran pondhok. Nalikane Jaka Baru prapteng pondhok, langsung wae tanpa rasa sungkan lan tanpa rasa salah, dheweke gage lumaku ing tengah-tengahe wong kang lagi melu pengajen rutinan kuwi mau saperlu nemoni Syekh Begawan Nyampo lan ibune Endhang Sukarni merga kasil nggawa banyu nganggo kranjang ponthang kaya dene kang wus didhawuhake. Weruh yen Jaka Baru kasil nggawa banyu kang diwadahi kranjang ponthang, Endhang Sukarni lan Begawan Nyampo kaget uga rumasa kisinin. Anane dheweke ngutus Jaka Baru golek banyu nganggo kranjang ponthang ora liya ya supaya ora kasil mulih lan pengajen rutinane bisa lancer tanpa alangan, semono uga Syekh Begawan Nyampo lan Endhang Sukarni rumasa kisinin merga Jaka Baru kasil mbubarmawutake wong-wong kang lagi pengajen. Saking isine, Syekh Begawan Nyampo nganti ucul lan kawetu omongan eleke.

Banjur Syekh Begawan Nyampo lan Endhang Sukarni rundhingan malih, ya kepriye carane supaya Jaka Baru ona neng kene. Banjur Syekh Begawan Nyampo nemu cara, dheweke ngutus si Jaka Baru supaya budhal menyang kali ing dhaerah Nguling saperlu nemoni Raden Bajul Putih lan ngaturi Raden Bajul Putih sowan menyang pondhoke

Syekh Begawan Nyampo kang lagi wae bubar pengajen. Nanging sadurunge kuwi, Jaka Baru diutus nunggu ibune kang lagi didhawuhi Syekh Begawan Nyampo tuku gongseng menyang pasar. Satekane ibune, gongseng sakala pinasangake dening Syekh Begawan Nyampo ing gulune. Jaka Baru pengen meruhi apa ancasa dheweke dipasang gongseng kaya mangkono. Syekh Begawan Nyampo mangsuli yen ancasa masang gongseng kuwi minangka tengger yen Jaka Baru isih dulur karo Raden Bajul Putih lan minangka utusane Syekh Begawan Nyampo.

Crita ing bageyan iki amung dicritakake dening Mbah Kahar, Mbah Sudin lan Pak Yuslimu ora nyritakake. Mbah Kahar nyritakake yen tanpa kakehan wuwus Baruklinthing banjur budhal menyang panggonan kang wus dituduhake mau. Nalikane budhal Baruklinthing kesusu pengen ndang teka ing kaline Bajul Putih. Saking kesusune, ora krasa gunung kang diliwati dening Baruklinthing nganti Tugel. Mula, nganti saiki panggonan kuwi mau winastan Dhusun Gunung Tugel ing Desa Tongaskulon, Kecamatan Tongas, Kabupaten Probolinggo. Crita kasebut bisa dideleng ing pethikan asil wawancara ing ngisor iki:

“Baruklinthing nyaguhi lan budhal nyang kali panggone Bajul Putih maeng. Sarehne awake gedhe lan dheweke kesusu pengen ndang teka nyang kali iku mau, ndhak krasa nek gunung sing diliwati dening Baruklinthing iki mau tugel dadi loro. Mamula diarani Gunung Tugel”. (Mbah Kahar, 7 Desember 2019)

Jaka baru banjur budhal menyang panggonan kang wus dituduhake dening Syekh Begawan Nyampo. Kali kasebut aneng dhaerah Kecamatan Nguling lan minangka kali buwangan saka sumber grojogan Madakaripura. Sawise prapta ing kono, dheweke nggoleki Raden Bajul Putih. Nanging nganti petungan dina, dheweke durung kasil nemokake Raden Bajul Putih. Jaka Baru ora kurang akal, dheweke munggah menyang kali kang ciyut lan akeh watu padhase. Jaka Baru nembok iline banyu nganggo awake kang gedhe tur dawa, saengga iline banyu sing mengisor kasil ditembok lan kali kuwi kaya-kaya mati ora eneng banyune. Weruh omahe dirusak, Raden Bajul Putih ngamuk lan marani si Jaka Baru sraya nantang adu kasekten. Jaka Baru dhewe

kang kahanane lagi kesel merga pirang-pirangane dina durung kasil nggoleki Raden Bajul Putih ngrasa katantang, saengga lali apa kang didhawuhake dening Syekh Begawan Nyampo. Wekasane kewan loro kuwi mau adu kasekten lan miturut crita Jaka Baru meh kalah. Nanging merga Jaka Baru kuwi pinter, banjur dheweke nduwe cara kang luwih ampuh maneh saengga dheweke kasil ngalahake Raden Bajul Putih. Sinempal-sempal lan kinipatake kuwandane sang raden Bajul Putih dening si Jaka Baru. Miturut crita, endhase Raden Bajul Putih dikipatke mengulon lan mudhun aneng tlatah Gresik kang dadi gunung enjet/kapur ing kono. Dene awake kinipatake mengetan lan ceblok ing tlatah Puger.

Merga kasil ngalahake Raden Bajul Putih, wekasane si Jaka Baru mulih menyang pondhoke Syekh Begawan Nyampo kanthi bungahe ati. Merga sadurunge budhal dheweke dikalungi gongseng, nalika dheweke meh teka ing pondhok Syekh Begawan Nyampo keprungu gongseng kuwi mau, kanthi rasa ketir-ketir sajrone panggali Syekh Begawan Nyampo ndudut yen kuwi tandhane si Jaka Baru mulih. Satekane ing pondhok, Jaka Baru ditakoni dening Syekh Begawan Nyampo ngenani kasil apa orane nggawa Raden Bajul Putih sowan menyang pondhok. Nanging ora kaya kang dikarepake Syekh Begawan Nyampo, wangsulan kang ana malah kosok balene. Jaka Baru ora kasil nggawa Raden Bajul Putih sowan menyang pondhok, luwih-luwih Jaka Baru malah mateni Raden Bajul Putih. Meruhi kahanan kang kaya mangkono, Syekh Begawan Nyampo duka lan tanpa disengaja maneh, omongan eleke ucul. Wekasane, kanthi rasane ati kang mangkel, nesu, lan wegah, Syekh Begawan Nyampo ndhawuhi Jaka Baru supaya tapa lan ngadoh saka dheweke. Tanpa kakehan wuwus, Jaka Baru uga ngestokake dhawuhe Syekh Begawan Nyampo.

Sasuwene Jaka Baru tapa lan nyepi, demang Klindungan antuk wisik utawa impen saka sing kuwasa supaya ngleksanakake Distrikan kanggo nylameti para wargane. Nanging suguhan kang disuguhake ing acara slametan kuwi mau kudu saka kewan ing alas. Nalika semono cinarita yen kewan bisa ngomong kaya dene manungsa. Keprungu warta yen arep dianakake Distrikan lan wedi bangsane bakal didadekake suguhan, ratune para kewan ngandhani anak buwaha supaya ora metu suwene telung minggu nganti Distrikan rampung. Dadi

warga kademangan kang mbebedhag golek buron ing alas ora kasil mateni lan nggawa mulih siji-siji kewan kanggo suguhan Distrikan.

Sasuwene tapa malang sandhuwure kali ing dhaerah Nguling, ana sawijine wong tuwa wuta kang ngunggahi awake si Jaka Baru. Kaget lan penasaran si Jaka Baru. Padha takon-tinakone, wekasane Jaka Baru meruhi yen kuwi Kek Kerti lan uga sawalike. Jaka Baru ngandharake yen dheweke lagi tapa neng kono lan dadi wot kanggone wong kang arepe nyabrang kali. Cekake rembug, Jaka Baru kang mesakake ndeleng kahanane Kek Kerti sing wuta banjur menahi pitulungan. Dheweke ngongkon Kek Kerti supaya nyudhet sisike lan ngolesake getih kang metu saka sisike menyang mripate Kek Kerti kang wuta wiwit enom. Tanpa kakehan wuwus, Kek Kerti langsung nyudhet sisike Jaka Baru. Kang kapisanan diolesake menyang mripate Kek Kerti sing sisih kiwa, nyudhet kang kapindhone banjur diolesake menyang mripate sing sisih kiwa. Lumrahe, yen wong lagi ngrasakake samubarang sapisanan cetha pawongan kuwi bakal nggumun lan seneng, semono uga Kek Kerti. Kek Kerti kang lagi bisa melek lan meruhi isine donya bungah banget. Saking bungahe, Kek Kerti nganti bengok-bengok lan ngucapake matur nuwun makaping-kaping menyang Raden Jaka Baru. Jaka Baru kang lagi tapa menging Kek Kerti bengak-bengok supaya ora ana wong kang meruhi yen dheweke lagi tapa ana kono. Sarehne Raden Jaka Baru wis paring usada, Raden Jaka Baru uga njaluk tulung balik menyang Kek Kerti. Dheweke meseni Kek Kerti supaya ora oleh kandha menyang sapa-sapa yen dheweke sing kasil nambani mripate. Nganti saiki, panggone Jaka Baru kang tapa kaya dene wot sandhuwure kali winastan Desa Wotgalih.

Sawise ngono, Kek Kerti balik menyang kademangan. Geger lan gempar ing kademangan Klindungan kono. Jalarane ora liya ya Kek Kerti kang saban dinane wuta ora katok apa-apa saiki mripate bisa melek byar. Wong-wong sakademangan padha mlumpuk rono saperlu pengin weruh lan pengin mangerteni sapa kang kasil nambani mripate Kek Kerti. Ing wiwitane Kek Kerti ora gelem ngakoni lan emoh mangsuli pitakonane wong-wong mau. Sawise dheweke digepuki, lagi ngakoni yen sing ngusadani mripate ora liya ya ula kang lagi tapa kaya wot sandhuwure kali peparab Raden Jaka Baru.

Sawise ngerteni apa kang dikandhakake dening Kek Kerti, sakkala warga kademangan

Klindungan langsung budhal menyang panggon tapane Jaka Baru. Raden Jaka Baru kang lagi tapa sineret-seret dening warga kademangan Klindungan. Nalika prapteng sakulone Sumber Topeng, Raden Jaka Baru kang wus ora duwe daya dibeleh dening warga kademangan. Nganti seprene, panggon mbelehe Jaka Baru winastan Dhusun Balerah/Belerah. Sawise dibeleh, kwandane Jaka Baru diseret maneh mengulon. Dikreseki lan ditugel-tugel dening wong kang cacache patang puluh. Ing tembe saiki, panggon kang dienggo ngreseki Jaka Baru winastan Dhusun Kresek. Semono uga panggon asale wong patang puluh kang ngreseki lan nugeli Jaka Baru mau winastan Dhusun Patangpuluh. Sawise kuwi, kwandane Jaka Baru kang wus dikreseki lan ditugel-tugel mau ditunu. Nganti seprene, panggon kang dienggo nunu kuwi mau winastan Desa Gratitunon. Nalikane warga kademangan Klindungan nunu, ana angin saka kidul kang njalari kukus tunon tumiyup mengalor lan kambu dening warga kademangan liyane. Teka seprene, panggon sing mambu kukus tunone Jaka Baru mau winastan Dhusun Semambung.

Sawetara kuwi, Endhang Sukarni kang lagi aneng pondhoke Syekh Begawan Nyampo keprungu kabar yen anake, ya si Jaka Baru, kasil dipateni dening wong sakademangan. yen ditarik nganti teka pucuk, matine Jaka Baru mula bukane merga pokal gawene Syekh Begawan Nyampo kang ngongkon Jaka Baru tapa, wekasane Endhang Sukarni nangis jejemplingan lan njaluk tempuh menyang Syekh Begawan Nyampo. Sarehne Syekh Begawan Nyampo rumasa luput, wekasane dheweke nulung Endhang Sukarni. Syekh Begawan Nyampo janji bakal nguripake Jaka Baru maneh, nanging mung sawates wenang ningali lan ora wenang ditingali. Ateges si Jaka Baru iki urip nanging mung urip sukmane wae. Banjur supaya bisa urip saragane, ana sarat kang kudu dilakoni dening Endhang Sukarni. Sarat kuwi mau yaiku Endhang Sukarni kudu ngemis ing acara Distrikan kuwi. Upama gedhene dheweke diwehi daging, lan cilike diwehi biting pincukan, kuwi bakal bisa nguripake Jaka Baru jangkep raga lan sukmane. Nanging yen dheweke ora kasil njaluk bebaskan cilike saslilite daging kang cumanthol aneng untu, Jaka Baru cetha uripe mung wenang ningali lan ora wenang ditingali. Syekh Begawan Nyampo uga pesen yenta upamane Endhang Sukarni ora kasil, Syekh Begawan Nyampo emoh campur lan ora

tanggungjawab ngenani uripe Jaka Baru. Ateges sandhang, pangan, papan, lan kabeh kebutuhane Jaka Baru kudu Endhang Sukarni dhewe kang nyukupi. Banjur Endhang Sukarni nyagahi lan langsung budhal tumuju acara Distrikan kang lagi lumaku.

Ing satengahe acara kang lagi lumampah, demang Klindungan meseni para wargane. Dheweke pesen yenta acara Distrikan iki mung kanggo kademangan kene, semono uga demang Klindungan uga ngelingake wargane dhuk rikala mbebedhag ing alas nganti madina-dina ora nemokake buron biyen. Mula saka kuwi, saupama ana wong njaba kang njaluk suguhane Distrikan, cilike sakrine iwak teri aja nganti diwehi ora let suwe, Endhang Sukarni prapta ing kono. Njaluk menyang kono, ditampik. Njaluk menyang kene, ora diwehi. Njaluk aneng sisih kono, disenewen. Sarehne wus dirasa cukup lan ora bakal diwehi maneh, dheweke karep mulih menyang pondhoke Syekh Begawan Nyampo. Nanging nalikane arep metu saka panggon Distrikan kono, dheweke kepethuk Kek Kerti. Kek Kerti kang ora tega ndelok kahanane Endhang Sukarni banjur karep menahi panganan sing dicekel ing tangane. Nanging Kek Kerti kuwi mau diendheg dening carik lan demang Klindungan. Dheweke diincim dening demang lan carike kuwi mau. Upama Kek Kerti sida menehake apa sing dicekel ing tangane, dheweke diincim bakal dibengoki maling lan bakal digepuki wong semono akehe kang lagi melu Distrikan. Kelingan dhuk rikala semono nalika dheweke digepuki dening wong sakademangan merga ora gelem mangsuli pitakonan, wekasane Kek Kerti ora sida menahi Endhang Sukarni lan nyingkrih saka papan kono. Sadurunge ngalih saka papan kono, Kek Kerti dikandhani Endhang Sukarni, dheweke dikon nyawisake lesung lan enthong minangka gantine welah. Dheweke uga dikon mlebu sanjerone lesung lan aja metu-metu dhisik sadurunge banjir gedhe teka. Tanpa kakehan wuwus, Kek Kerti gage mulih menyang omahe tumuli nyawiske ubarampe kang wus dipesenake dening Endhang Sukarni.

Sapraptane ing pondhok, Endhang Sukarni gage methuki Syekh Begawan Nyampo. Dheweke nangis jejemplingan merga ora kasil nglakoni sarat kang wus ditetepake kuwi mau. Wekasane Endhang Sukarni diwehi pusaka Sada Lanang dening Syekh Begawan Nyampo. Endhang Sukarni didhawuhi supaya ngecebake Sada Lanang kuwi aneng kademangan Klindungan. Yen pusaka wus kasil

manceb, Syekh Begawan Nyampo uga ndhawuhi Endhang Sukarni supaya gage nabuh bendhe, kepriye carane sing penting wong sakademangan kudu krungu yen ana bendhe tinabuh. Syekh Begawan Nyampo uga meling Endhang Sukarni yen wong kademangan kono isih duwe utang. Paribasane utang dhuwit ya kudu nyaur dhuwit utang barang ya kudu nyaur barang. Semono uga utang pati. Utang pati ya kudu nyaur pati. Endhang Sukarni banjur ngestokake dhawuhe Syekh Begawan Nyampo lan budhal menyang kademangan Klindungan.

Nalika prapta ing kademangan Klindungan, Endhang Sukarni sakkala langsung nancebake Sada Lanang lan tumuli nabuh bendhe saengga warga kademangan padha mlumpuk ing kono. Endhang Sukarni ing kono nganakake sayembara. Sapa-sapane sing bisa njabel Pusaka Sada Lanang iki ya cetha satria sejati. Kurang luwih kaya mangkono omonge. Sakabehe wong kang aneng kademangan kono tumuli njal njabut Sada Lanang kang wus diencebake dening Endhang Sukarni. Siji mbaka siji lan gilir gumanti warga kademangan Klindungan njal njabut Sada Lanang, nanging ora ana siji-sijia kang kasil njabut. Sarehne dirasa ora ana warga kademangan kang bisa njabut maneh, wekasane Endhang Sukarni njabut Sada Lanang kuwi. Dheweke njabut karo ngucap lan nyabda. Sapa-sapaa kang mangan daginge si Jaka Baru, ya anake Endhang Sukarni, bakal dirah patine nganti saanak turune. Nalika Sada Lanang kasil dicabut, metu banyu kang nyembur saka tilas enceb-encebane sada kuwi mau. Amarga saking santere banyu kang sumembur, sakehe warga kademangan kang lagi ndelok sayembara kuwi mau sakkala bubar mawut. Banyu kang sumembur kuwi mau saya suwe saya akeh lan saya nglelepake kademangan Klindungan nganti amber. Ya panggon kuwi nganti saiki winastan Ranuklindungan utawa Ranu Grati.

### **4.3 Pengaruh Legendha Ranu Grati Tumrap Masyarakat Panyengkuyunge**

#### **4.3.1 Distrikan minangka Rasa Sokur lan Sarana Tolak Balak**

Anane legendha Ranu Grati uga menahi pangaruh tumrap urip lan pakulinane masyarakat Desa Ranuklindungan. Salah siji pakulinan kang ana, kapangaruh legendha Ranu Grati, lan isih dilakoni dening masyarakat Desa Ranuklindungan yaiku tradhisi larung sajen winastan Distrikan. Distrikan

yaiku salah sijine tradhisi kang ana ing Ranu Grati. Tradhisi Distrikan lumrahe dilakoni saben setaun pisan. Asline Distrikan iki dilakoni saben sasi Ruwah ing bulan Jawa. Nanging, sarehne pamarentah Kabupaten Pasuruan uga nganakake Distrikan, wekasane tradhisi Distrikan dibarengake karo pengetan dina dadine Kabupaten Pasuruan wiwit taun 2000-an.

Mbah Sudin uga ngandharake isi lan maknane tumpeng kang dienggo larung ing tengah ranu. Wiwit saka sega tumpeng, janganan utawa kulupan, iwak Badher goreng, Dhawet Arang-arang Kambang, pitik kang rupane putih, bebek kang rupane putih. Kabeh kuwi bakal diandharake ing ngisor iki:

- 1) Tumpeng lan ambengan
- 2) Urap-urap
- 3) Iwak Badher kang digoreng
- 4) Dhawet Arang-arang Kambang
- 5) Pitik Jago Putih
- 6) Bebek Putih
- 7) Prau kang dipacaki nganggo janur kuning
- 8) Gendera Indonesia kang diubengake ing payonane prau.

#### **4.3.2 Kapercayane Masyarakat**

Saliyane menahi pangaruh tumrap tradhisi, legendha Ranu Grati sithik akehe uga menahi pangaruh tumrap masyarakat ing sakupenge Ranu Grati. Panliti aneng kene njupuk pangaruh Legendha Ranu Grati tumrap masyarakat Desa Sumberdawesari lan Desa Ranuklindungan. Luwih cethane bakal kaandharake kaya ing ngisor iki:

- 1) Kapercayane masyarakat yen Distrikan ora
- 2) Ranu Grati kang dipercaya minangka sumber panguripan
- 3) Ranu minangka panggonan kang dikramatake
- 4) Wong njaba kang ora oleh adus ing Ranu Grati
- 5) Mangku lading

#### **4.4 Fungsi Legendha Ranu Grati tumrap Masyarakat Desa Ranuklindungan**

##### **4.4.1 Mbiyantu Sarana Panggulawenthah tumrape para kadang taruna**

Minangka salah sijine panggulawenthah marang kadang taruna, Legendha Ranu Grati ing tembe saiki didadekake salah sijine kebanggaane Kabupaten Pasuruan, utamane ing Kecamatan Grati. Ranu kang minangka bukti kang dipercaya saka asile

legendha isih kerep diramut dening masyarakat sakupenge supaya tetep ana, resik, lan lestari. Kanthi cara kasebut, para kadang taruna uga bisa meruhi sarta mangerteni wujud lan sejarah Ranu Grati. Pamarentah Kabupaten Pasuruan uga ndadekake Ranu Grati minangka salah sijine lambang pariwisata ing Kabupaten Pasuruan. Saliyane kuwi, tumindak kang kaya mangkono uga kanggo ningkatake rasa nasionalisme tumrap identitas kebanggaan dhaerah lan supaya ora muspra kagerus jaman lan crita-crita manca kang lumrahe saya digandrungi para kadang taruna.

##### **4.4.2 Minangka Sarana Kritik Sosial**

Kritik sosial iki unsur kang mesthi ana ing masyarakat. Saka anane kritik sosial iki, kala-kala bisa nuwuhake perkara sajrone masyarakat. Anane bukti sejarah kang arupa ranu bisa nuwuhake sawijine perkara. Perkara kang ana yaiku nalika Ranu Grati diplengseng lan cetha yen sawise diplengseng bakal ngowahi wujud asline. Semono uga panggonan kang dianggep wingit saiki katon ora wingit maneh.

##### **4.4.3 Minangka Sarana Panglipur**

Legendha kang ana ing masyarakat lumrahe didadekake sarana panglipur kanggo para warga panyengkuyunge. Wiwit jaman semono, crita-crita ngenani legendha iki digunakake wong tuwa kanggo ndongengi anak lan putune, semono uga crita legendha iki lumrahe digunakake guru kanggo nyritani murid-muride. Mula saka kuwi, Legendha Ranu Grati bisa diarani sarana panglipur kanggo masyarakat panyengkuyunge.

##### **4.4.4 Sarana Ngupadi Katentreman Batin**

Saben manungsa kang urip aneng alam donya cetha ora bisa uwal saka masalah lan pacoban, saben manungsa kang urip ing alam donya uga kepengin uripe ayem lan tentrem. Umume wong kang padha teka ing ranu nduweni tujuwan kanggo golek katentreman batin. Wong-wong kang teka ing ranu saperlu golek katentreman batin kuwi mau lumrahe isih percaya tumrap samubarang kang mambu ghaib. Njaluke pepenginan lumrahe kanthi nabur kembang lan nyocok dupa aneng panggon tartamtu ing pinggir Ranu Grati.

##### **4.4.5 Sarana Ndedonga lan Ngibadah**

Ranu Grati minangka panggonan kang pinercaya wingit cetha didadekake sarana kanggo ndedonga lan ngibadah dening warga sakupenge. Wiwit saka masyarakat sakupenge ranu kang ndonga njaluk kaslametan nalika repot nyunat utawa mantu,



njaluk keslametan tumrap sing kuwasa lumantar Distrikan, nganti Distrikan kang digunakake minangka sarana andum rejeki tumrap sakabehe titahe Gusti minangka salah sijine ngibadah.

#### **4.4.6 Sarana Kanggo Nguri-uri Kabudayan**

Anane legendha ngenani sejarah Ranu Grati cetha bisa kanggo sarana nguri-uri kabudayan Jawa kang awujud crita rakyat. Kanthi kegiatan kang kaya mangkono kaajab bisa kanggo ningkatake rasa nasionalisme tumrap kebanggaan dhaerah supaya crita kang sumebar ing dhaerah iki ora cures tur muspra katedha jaman. Legendha Ranu Grati mayoritas dikenal lan diweruhi dening masyarakat Grati, utamane masyarakat kang aneng saketare Ranu Grati. Nanging ora nutup kemungkinan yen legendha Ranu Grati iki uga dikenal dening masyarakat Kabupaten Pasuruan senadyan ora akeh.

### **4.5 Kalungguhane Legendha Ranu Grati ing Masyarakat Desa Ranuklindungan Kecamatan Grati Kabupaten Pasuruan**

Masyarakat Desa Ranuklindungan isih kagolong raked lan kenthel karo budaya wetanan. Budaya wetanan kang identik percaya karo anane kekuwatan ghaib ing saben barang uga saperangan panggonan isih diugemi dening masyarakat Desa Ranuklindungan minangka masyarakat panyengkuyung. Salah siji panggonan kang isih dikramatake dening warga Desa Ranuklindungan yaiku Ranu Grati. Jinise masyarakat kang nduweni gegayutan karo crita Legendha Ranu Grati bisa dibedakake dadi telung golongan. Telung golongan mau kaya mangkene: 1) masyarakat kang percaya, 2) masyarakat kang ora percaya, 3) masyarakat kang ora nggatekake.

#### **4.5.1 Masyarakat kang Percaya**

Masyarakat kang percaya yaiku masyarakat kang isih percaya karo panggonan tartamtu kang diugemi lan dianggep kramat dening masyarakat sakupenge. Saka angket kang wus disebarake, kira-kira ana 70% cacahé masyarakat Desa Ranuklindungan kang percaya marang anane legendha Ranu Grati. Kapercayane masyarakat Ranuklindungan tumrap anane legendha Ranu Grati uga ora luput saka sakabehe fackor kayata wong tuwa, masyarakat, kanca dolan, lan medhia informasi. Masyarakat kang mangerteni legendha kasebut ana 50% kang antuk saka wong tuwane, 20%

saka masyarakat, 15% saka kanca dolan, lan 10% saka medhia informasi.

#### **4.5.2 Masyarakat kang Ora Percaya**

Masyarakat kang ora percaya nduweni anggepan yen percaya marang pitulungane makhluk alus kang manggon ing barang utawa papan kang dianggep kramat minangka sawijine tumindak kang kagolong musyrik. Saka asil angket kang wus sinebarake, bisa kadudut yen masyarakat Desa Ranuklindungan gedhene 9% kang ora percaya marang anane legendha Ranu Grati. Mayoritas tanggapan saka masyarakat kang ora percaya yaiku merga tumindak kang kaya mangkono kagolong tumindak kang musyrik lan ora ana gunane.

#### **4.5.3 Masyarakat kang Ora Nggatekake**

Ana masyarakat kang percaya, ana masyarakat kang ora percaya, uga ana masyarakat kang ora nggatekake utawa masyarakat kang kurang perduli. Beda karo jinis rong masyarakat kang wus diandharake ing ndhuwur mau, masyarakat kang ora nggatekake iki yaiku masyarakat kang ora gelem ngakoni yen dheweke bagesyan saka salah siji kelompok kang ora percaya tumrap legendha Ranu Grati lan pangaruh-pangaruhe. Saka angket kang wus disebarake, kabukti ana 21% masyarakat Desa Ranuklindungan kang ora nggatekake tumrap legendha Ranu Grati lan pangaruh-pangaruhe. Rata-rata masyarakat kang ora nggatekake iki luwih nengenake sandhang-pangane. Kaya mbukak warung, nggarap pesenan kayu, mbengkel, lan liya-liyane.

## **PANUTUP**

### **5.1 Dudutan**

Cundhuk karo dhata kang wus diklumpukake lan dijlentrehake ing bab sadurunge, banjur bisa didudut asil panlitene. Dudutan ngenani panliten iki nyakup ngenani wujud, pangaruh, fungsi, lan kalungguhane legendha Ranu Grati ing masyarakat Desa Ranuklindungan. Kabeh kuwi mau mau kaandharake kaya mangkene:

- 1) Legendha Ranu Grati minangka salah sijine crita kang tuwuh lan ngrembaka ing Desa Ranuklindungan Kecamatan Grati Kabupaten Pasuruan. Asil saka legendha Ranu Grati yaiku wujud crita kang dijupuk saka para informan. Sawise crita saka para informan kklumpukake, panliti banjur ngrekonstruksi crita-crita kuwi mau. murih dadi crita kang luwih cetha.

- 2) Legendha Ranu Grati uga menehi pangaruh tumrape masyarakat ing Desa Ranuklindungan. Masyarakat Desa Ranuklindungan isih kalebu masyarakat kang isih ngopeni legendha Ranu Grati.
- 3) Legendha Ranu Grati uga nduweni fungsi tumrape masyarakat saketare. Fungsi kasebut cundhuk miturut pamanggihe Allan Dundes kang diperang dadi 6 bageyan. Nanging ora kabeh pamawase salaras lan cundhuk kahanan kang ana Desa Ranuklindungan. Fungsi-fungsi kasebut bisa luwih ngrembaka maneh, utawa bisa diarani modifikasi fungsi. Fungsi-fungsi kasebut kajlentrehake kaya mangkene:
  - (1) Legendha Ranu Grati minangka sarana panggulawenthah tumrape para kadang taruna.
  - (2) Legendha Ranu Grati minangka sarana kritik sosial.
  - (3) Legendha Ranu Grati minangka sarana panglipur.
  - (4) Legendha Ranu Grati minangka sarana ngupadi katentreman batin.
  - (5) Legendha Ranu Grati minangka sarana kanggo ndedonga lan ngibadah.
  - (6) Legendha Ranu Grati minangka sarana kanggo nguri-uri kabudayan.
- 4) Kalungguahne Legendha Ranu Grati ing masyarakat Desa Ranuklindungan bisa didudut isih ngrembaka lan ora nguwatirake. Kabukti saka angket kang wus disebarake menyang 100 wong ing limang dhusun ing Ranuklindungan, masyarakat kang isih percaya cacahé 70%, masyarakat kang ora percaya ana 9%, lan masyarakat kang ora nggatekake cacahé 21%.

## 5.2 Pamrayoga

Panliten iki nduweni pangarep-arep supaya bisa menehi pepadhang tuwin pitedah tumrape wong-wong kang durung mangerteni Legendha Ranu Grati. Saliyane kuwi, panliti uga nduweni pangajab muga ing tembe sesuke ana panliten kang saemper kaya dene panliten iki. Jalarane ora liya ya supaya kabudayan dhaerah tetep kajaga, ngrembaka, lan lestari.

## Kapustakan

Ahmadi, Abu. 1997. *Strategi Belajar Mengajar*. Bandung: Pustaka Setia.

Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.

Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip Dongeng dan lain-lain*. Jakarta: Pustaka Grafiti.

Endraswara, Suwardi. 2008. *Folklor Jawa, Bentuk, Macam, dan Nilainya*. Jakarta: Penaku.

Endraswara, Suwardi. 2009. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

Herusatoto, Budiono. 1984. *Simbolisme Dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widia.

Herusatoto, Budiono. 2003. *Simbolisme Dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widia.

Kartikasari, Rino. 2014. *Legenda Desa ing Kecamatan Dongko Kabupaten Trenggalek (Tintingan Folklor)*. Surabaya: Skripsi.

Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.

Koentjaraningrat. 2005. *Pengantar Antropologi Pokok-Pokok Etnografi II*. Jakarta: Rineka Cipta.

Koentjaraningrat. 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.

Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: PT. Tiar Wicana.

Moleong, Lexy. 2005. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.

Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada

Pratiwi, Zuhriyah. 2013. *Legendha Jeneng Desa ing Kecamatan Jogoroto Kabupaten Jombang*. Surabaya: Skripsi.

Rahmani, Maria. 2016. *Legendha Jeneng Desa ing Kecamatan Trowulan Kabupaten Mojokerto*. Surabaya: Skripsi.

Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Saliyo. 2012. *Konsep Diri dalam Budaya Jawa*. 20(1-2):26-35.

- Savitri, Nella Nur. 2019. *Asal-usul Dumadine Aran Desa ing Kecamatan Pulung Kabupaten Panorogo*. Surabaya, Skripsi.
- Sibarani. 2012. *Kearifan lokal: Hakikat, Peran dan Metode Tradisi Lisan*. *Asosiasi Tradisi Lisan*. 4(6):111-113.
- Soehardi. 2012. *Nilai-nilai Tradhisi Lisan dalam Budaya Jawa Humaniora*. 14(3):5.
- Soekanto, Soerjono. 1993. *Kamus Sosiologi*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Unesa Unipress.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Sastra Lisan*. Surabaya: Citra Wacana.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2013. *Kearifan Budaya Lokal*. Surabaya: Damar Ilmu.
- Sugiyono. 2011. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sukarman. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa*. Bandung: PT Refika Aditama.
- Suwandi, Sarwidji. 2006. *Semantik Kajian Makna*. Yogyakarta: KLEIN Press.
- Suwarni & Widayati, Sri Wahyu. 2015. *Mengenal Sekilas Tradisi Jawa*. Surabaya: Penerbit Bintang Surabaya.
- Suwarni dan Widayati, Sri Wahyu. 2011. *Dasar-dasar Upacara Adat Jawa*. Surabaya: Penerbit Bintang.
- Teeuw. 2003. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta: PT Dunia Pustaka Jaya.
- Tim Balai Bahasa Yogyakarta. 2009. *Kamus Bahasa Jawa (Bausastra Jawa)*. Yogyakarta, Kanisius.
- Widayati, Sri Wahyu. 1992. "Modul Langkah-langkah Penelitian Sastra Lisan". Modul Tidak Diterbitkan. Surabaya: Institut Keguruan dan Ilmu Pendidikan Surabaya.

